**दिन— शुक्रवार** **दिनांक—16.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कहलनि अछि जे ऑपरेशन सिंदूर आतंकवादक विरूद्ध एक कड़गर संदेश देलक अछि आ भारतक सैन्य शक्ति संग एकर तैयारी के दर्शौलक अछि। रक्षामंत्री आइ गुजरातक भुज मे वायुसेना अड्डा पर सैनिक लोकनि के संबोधित करैत कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर मे भारतीय सशस्त्र बल ने मात्र दुश्मन पर अपन वर्चस्व कायम करयलक, अपितु हुनका नोकसान सेहो पहुँचौलक। ओ ऑपरेशन सिंदूर मे भारतीय वायुसेनाक त्वरित आ निर्णायक कार्रवाईक सराहना करैत कहलनि जे ई देश—विदेश मे सभ भारतीय के गौरवान्वित कयलक अछि। रक्षामंत्री कहलनि जे वायुसेना के पाकिस्तान मे स्थित आतंकी ढांचाक सफाया करय मे मात्र तेईस मिनट लागल। श्री सिंह कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर मे भारतीय सेनाक कुशल भूमिकाक सराहना दुनियाक दोसर देश मे सेहो भऽ रहल अछि।

---

केन्द्र सरकार तुर्किएक ग्राउंड हैंडलिंग फर्म सेलेबी एयरपोर्ट सर्विसेज इंडिया प्राइवेट लिमिटेडक सुरक्षा मंजूरी तत्काल प्रभाव सँ रद्द कऽ देलक अछि। नागरिक उड्डयन सुरक्षा ब्यूरोक आदेश मे कहल गेल अछि जे ई निर्णय राष्ट्रीय सुरक्षा हित मे लेल गेल अछि। पहलगाम आतंकी हमला के बाद ऑपरेशन सिंदूर मे पाकिस्तानक पक्ष लेबा पर भारत तुर्किएक विरूद्ध कड़गर रूख अपनौलक अछि। देशक विभिन्न संस्थान राष्ट्रीय सुरक्षा के ध्यान मे रखैत तुर्किएक संग अपन अनुबंध सभ के समाप्त कऽ रहल अछि।

---

बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ चुनाव आयुक्त डॉक्टर विवेक जोशी आइ पटना मे उच्चस्तरीय समीक्षा बैसार कयलनि। बैसार मे मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल, पुलिस नोडल पदाधिकारी, आईजी, पटनाक जिलाधिकारी आ वरीय पुलिस अधीक्षक

समेत आनो पदाधिकारी उपस्थित छलाह। अपन चारि दिवसीय भ्रमण कार्यक्रम मे चुनाव आयुक्त डॉक्टर जोशी चुनाव संबंधी तैयारीक जनतब लेताह।

———————————————————————

दरभंगा मे काल्हि लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी द्वारा निर्धारित स्थल पर कार्यक्रम नहि कऽ अंबेडकर छात्रावास परिसर मे जबरदस्ती कार्यक्रम करबाक आरोप मे लहेरियासराय थाना मे दू प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। अनुमंडल पदाधिकारी आ अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी जनौलनि जे धारा एक सय तिरसठि उल्लंघन के लऽकऽ राहुल गांधी सहित बीस गोटे पर नामजद प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार दरभंगा जिला मे एक सय छियासी करोड़क लागति सँ जलापूर्ति योजना के मंजूरी देलक अछि। आइ पटना मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे भेल कैबिनेटक बैसार मे ई निर्णय लेल गेल।

———————————————————————

प्रदेश मे महिला लोकनि लेल पिंक बस सेवा आइ सँ शुरू भऽ गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना स्थित एक अणे मार्ग सँ एहि बस के हरियर झंडी देखाकऽ विदा कयलनि। परिवहन मंत्री शीला मंडल जनौलनि जे पहिल चरण मे बीस बसक परिचालन शुरू भेल अछि। एहि मे आठ बस पटना मे, चारि मुजफ्फरपुर मे, दू–दू बस भागलपुर, गया आ पूर्णियां मे तथा दू बस दरभंगा मे सेहो चलत। ओ कहलनि जे दोसर चरण मे अस्सी पिंक बस के परिचालन होयत। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री एक सय छियासठि डीलक्स बसक परिचालन सेहो शुरू कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————

प्रदेशक राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी आइ दरभंगा समाहरणालय मे अपन विभागक काज सभक समीक्षा बैसार कयलनि। बैसार मे विभागीय सचिव जयकुमार आ जिलाधिकारी राजीव रौशन सेहो उपस्थित रहथि। बैसारक बाद मंत्री जनौलनि जे बैसार मे आम जनता सँ जुड़ल योजना सभ के धरातल पर लागू कयल के संबंध मे समीक्षा कयल गेल।

———————————————————————

मधेपुरा स्थित सदर अस्पताल परिसर मे आइ चौंतीस दशमलव चारि सात करोड़क लागति सँ बनल मॉडल अस्पताल भवनक लोकार्पण स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कयलनि। एहि अवसर पर ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार, विधानसभा उपाध्यक्ष नरेन्द्र नारायण यादव आ सुपौलक सांसद दिलेश्वर कामत सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————

संपूर्ण प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। वातावरण मे नमीक मात्रा बढ़लाक कारणे उमस सेहो बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग आइ बांका आ शेखपुरा जिला मे लू चलबाक अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, प्रदेशक आन भाग मे गर्म दिवस रहबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। विभागक अनुसार मॉनसून पूर्वक गतिविधि हेबाक कारणे अगिला किछु दिन मे लोक के भीषण गर्मी सँ राहत भेट सकैत अछि। सत्रह मई के प्रदेशक सीतामढ़ी, मधुबनी, किशनगंज, भागलपुर, बांका, रोहतास, सारण, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण जिलाक कतेको भाग मे ठनका खसबाक संगहि बरखा के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।